

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab medar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi hasil panalungtikan

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan ngeunaan média *Anchor* dina pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi ka siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung taun ajar 2022/2023, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi saméméh maké média *Anchor*, rata-rata peunteun nyaéta 55,86. Hartina kamampuh siswa kagolong kana katégori kurang. Ieu hal katitén tina rata-rata jumlah peunteun unggal aspék nu kawilang masih kurang tina katégori peunteun. Katitén yén 1) lentong 2,38 kaasup kana katégori kurang tina skor maksimal 5; 2) lafal 2,65 kaasup kana katégori kurang tina skor maksimal 5; 3) pamahaman eusi 3,14 kaasup kana katégori cukup tina skor maksimal 5; 4) kalancaran 3,03 kaasup kana katégori cukup tina skor maksimal 5; 5) diksi 2,76 kaasup kana katégori kurang tina skor maksimal 5. Ku kituna, dumasar kana hasil analisis data siswa dianggap kurang kana prakna nyaritakeun pangalaman pribadi luyu jeung kaédah kabasaan nu bener.
- 2) Kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi sabada maké média *Anchor*, rata-rata peunteun nyaéta 85,79. Hartina kamampuh siswa kagolong kana katégori hadé. Ieu hal katitén tina rata-rata jumlah peunteun unggal aspék nu kawilang aya béda sabada dilakukeun perlakuan ku maké média *Anchor*. Tina katégori peunteun, katitén yén 1) lentong 4,07 kaasup kana katégori hadé tina skor maksimal 5; 2) lafal 4 kaasup kana katégori hadé tina skor maksimal 5; 3) pamahaman eusi 4,65 kaasup kana katégori hadé tina skor maksimal 5; 4) kalancaran 4,41 kaasup kana katégori hadé tina skor maksimal 5; 5) diksi 4,31 kaasup kana katégori hadé tina skor maksimal 5. Ku kituna, dumasar kana hasil analisis data siswa dianggap hadé kana prakna nyaritakeun pangalaman pribadi luyu jeung kaédah kabasaan nu bener.

Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3) Aya béda nu signifikan antara kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada maké média *Anchor*. Saméméh maké média *Anchor* tina 29 siswa nuduhkeun, 1 siswa kagolong kana katégori hadé, 9 siswa kagolong kana katégori cukup, 3 siswa kagolong kana katégori kurang, jeung 16 siswa kagolong kana katégori kurang pisan. Sabada maké média *Anchor* tina 29 siswa di kelas, 7 siswa nu kagolong kana katégori hadé pisan, 18 siswa kagolong kana katégori hadé, jeung 4 siswa kagolong kana katégori cukup. Hal ieu dibuktikeun ku uji hipotésis ku ngagunakeun *Statistic Parametric* kalawan uji *Paierd Sampel T-Test*. Dumasar kana hasil uji nuduhkeun nilai signifikansina nyaéta 0,000 atawa $< 0,05$. Hartina H_1 ditarima jeung H_0 ditolak. Ku kituna, aya béda nu signifikan antara kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada maké média *Anchor*.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu hal miboga implikasi yén média *Anchor* bisa ditarima ku siswa. Dipiharep ku ayana ieu panalungtikan bisa numuwuhkeun inovasi anyar pikeun ngirut karep siswa nalika diajar di kelas. Lian ti éta, ieu média ogé dipiharep bisa jadi alat pikeun latihan siswa dina kagiatan nyarita nalika siswa teu bisa ngedalkeun pamadegan atawa caritaan dihareupeun jalma réa. Ku kituna ieu média téh minangka tarékah pikeun siswa diajar nyarita.

Kiwari, siswa geus biasa maké basa Indonésia dina kahirupan sapopoé. Ieu hal anu jadi pasualan nalika siswa nyarita maké basa Sunda. Ku kituna, sacara lafal jeung diksi siswa moal sagemblengna sampurna. Sabada ieu média dilarapkeun, aya rangsangan pikeun siswa daék nyarita maké basa Sunda sok sanajan masih aya diksi nu kurang merenah. Ku ayana *pre-test* jeung *post-test* bisa ngukur aspék-aspék kamampuh awal jeung ahir siswa, ogé bisa jadi bahan évaluasi dina pangajaran basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nyarita pangalaman pribadi, aya sawatara rékoméndasi sangkan panalungtikan nu satuluyna bisa leuwih alus jeung aya kamajuan dina prosés diajar. Rékoméndasin saperti ieu di handap.

- 1) Média *Anchor* bisa éféktif dina kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi. Ku kituna, ieu média bisa dijadikeun salasihiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Dina pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi maké média *Anchor*, saméméhna kudu dilakukeun uji coba atawa tatahar piekun bahan ajar nu rek ditepikeun kayaning alat-alat atawa sinyalna. Lian ti éta kudu aya *deadline* pikeun siswa ngumpulkeun tugas.
- 3) Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep média *Anchor* dina pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi hususna dina pangajaran basa Sunda, umumna dina pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nyarita leuwih alus nalika maké média pangajaran, saperti média *Anchor*.